

Kisa Pou Fè Si Ou Gen Paròl Imigrasyon: Yon Gid Etap-pa-Etap

(Dènye Mizajou: 25 Novanm 2024)

Etap #1- Byen gade dokiman I-94 ou an pou w ka konprann pou ki kantite tan paròl ou an valid. **I-94 ou se dosye imigrasyon ou ki pi enpòtan e se li ki detèmine tan ke ou ka rete Ozetazini.**

- Ou ta dwe sipoze jwenn I-94 ou nan sou sit CBP I-94 nan lyen sa a: <https://i94.cbp.dhs.gov/home> Chwazi "Get Most Recent I-94" (Konsèy pou jwenn dosye I-94 ou an Anglè ak an Espanyòl).
- Asire w ke non ou ekri kòrèkteman, dat nesans ou, ak lòt enfòmasyon pesonèl ou yo kòrèk. Ekri nan yon papye "**Class of Admission**" ki make sou I-94 ou - sa se kategori paròl ou (egzanp, PAR, OAR, DT).
- Ekri nan yon papye "**Admit Until Date**" la - sa a se dat paròl ou fini. Si ou gen entansyon rete Ozetazini apre dat sa a, ou dwe gen yon plan pou w ka rete epi travay nan peyi a.

Etap #2 - Revize kondisyon paròl ou epi asire w ke ou konfòme w avèk yo. Konnen klas admisyon w ak kalite paròl ou pral ede w konprann kondisyon paròl ou.

- Tout moun ki sou paròl oblije ranpli fòm AR-11 anvan 10 jou pase si yo ta chanje adrès kote y ap viv lan.
- Gen kèk moun ki sou paròl ki dwe ranpli lòt etap lè yo antre Ozetazini. Pa egzanp, moun ki rantre nan pwogram "Uniting for Ukraine Parole Program" (UHP) yo oblije sètifye ke yo te fè yon tès pou tibèkiloz, sa gen ladan l yon tès IGRA, avan 90 jou apre yo rive.
- Tout moun ki sou paròl ki gen kontak/pwoblèm ak lapolis oswa ki vyole lalwa ta dwe konsilte yon avoka ki kalifye.

Etap #3 - Si ou gen yon pèmi travay ki sou paròl ou (kategori depo (c)(11)), revize pèmi travay ou oswa Kat Otorizasyon Travay (EAD) ou avèk anpil atansyon pou w konprann pou konbyen tan li valid.

- EAD ou valab pandan tout tan paròl ou an. Kategori paròl ou a ekri sou kat la tou. EAD la gen yon dat ekspirasyon ki montre w lè kat la pa valab ankò.

Etap #4 - Si ou gen lòt benefis imigrasyon ki an atant, tankou si ou te fè yon aplikasyon azil ak USCIS, swiv eta dosye sa yo.

- Revize kondisyon yo pou chak aplikasyon ou genyen an apwobasyon pou asire w ke ou satisfè tout kondisyon yo.
- Pran an konsiderasyon tan pwosesis pou chak aplikasyon epi reflechi sou lòt opsyon ke ou ka fè pou pa vin ilegal si ou rete Ozetazini.